Chokwadi Pamusoro paMwari Ndechipi? —Chikamu 1

Nyaya iyi inobva muchitsauko 1 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?* riri pawww.jw.org.

CHINANGWA: Ongorora zvaunotenda woona kuti sei uchizvitenda uye kuti Bhaibheri rinodzidzisa kuti kudii, woona kuti ungatsanangurira sei vamwe zvaunotenda.



MWARI ANE BASA NOKUTAMBURA KWATINOITA HERE?

1 ONGORORA ZVAUNOTENDA

Unofunga kuti vamwe vanhu vanoti kudii?

.....

.....

Ko *iwe* unoti kudii?

.....

.....

Nei uchidaro?

.....

.....

www.jw.org © 2014 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 TARISA UONE ZVINODZIDZISWA NEBHAIBHERI

Mwari haambokonzeri zvinhu zvakaipa, asi kuti anobvumira kuti zviitike.
(Ona chitsauko 1 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?*, ndima 6-8.)

Verenga Jakobho 1:13.

Vhesi iyi inoratidza sei kuti Mwari haasi iye anokonzera kuti zvinhu zvakaipa zviitike?

.....

.....

.....

Muenzaniso upi waungapa unoratidza musiyano *wokubvumira* kuti chimwe chinhu chiitike *nokuchikonzera?*

.....

.....

.....

Jehovha akafanana nababa vanobvumira mwana wavo kuti asarudze zvaanoda asi havasi ivo *vanozokonzera* matambudziko aanosangana nawo nemhaka yekupanduka kwake

www.jw.org © 2014 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Mwari ane hanya nesu, uye paanoona tichitambura anorwadziwawo.

(Ona chitsauko 1 chebhuku rinonzi *Bhaibheri Rinombodzidzisei Chaizvo?*, ndima 11-13.)

Verenga Genesisi 6:5, 6.

Mwoyo waJehovha wakarwadziwa paakaona zvinhu zvakaipa zvazara munyika. Tinozviziva sei kuti nanhasi achiri kurwadziwa paanoona zvinhu zvakaipa zvichiitika? **(ZVINGANGOKUBATSIRA:** Verenga Maraki 3:6.)

.....

.....

.....

Verenga 1 Petro 5:7.

Nei Jehovha achiti tinyengetere kwaari patinowirwa nematambudziko?

.....

.....

.....

Verenga Genesisi 1:26 uye 1 Johani 4:8.

Kana *isu* tichirwadziwa nokuona vanhu vachitambura, sei tichiti *Jehovha* anofanira kunge achirwadziwawo zvakatonyanya?

.....

.....

.....

Kuziva kuti Mwari haasi iye anokonzera matambudziko atinosangana nawo asi kuti ane hanya nesu uye anorwadziwawo paanoona tichitambura kunoita kuti unzwe sei?

.....

.....

.....

www.jw.org © 2014 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 TSANANGURIRA VAMWE ZVAUNOTENDA

MUMWE MUNHU AKATI…

Mwari acharanga vanhu vakaipa nokuvapisa mumoto.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI…

Ndizvo zvinodzidziswa mumachechi akawanda. Asi ini handizvibvumi nemhaka yokuti…

.....

.....

Ungamuverengera vhesi ipi?

.....

Sei uchida kushandisa vhesi iyoyo?

.....

MUMWE MUNHU AKATI…

Mwari ane simba guru, saka dai aitida aiita kuti tisatambura.

UNOGONA KUMUPINDURA UCHITI…

Ehe ndinozvibvuma kuti Mwari ane simba guru uye ndinoti Mwari ane hanya nesu chaizvo nokuti…

.....

.....

Ungamuverengera vhesi ipi?

.....

Sei uchida kushandisa vhesi iyoyo?

.....

www.jw.org © 2014 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania